

**LAKU RITUAL WAROK SAJRONE PAGUYUPAN SENI REYOG
KARTIKA PURI ING KABUPATEN PONOROGO**

**HERMA WAHYU PARA MILA
PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA**

Abstrak

Desa Paju, Siman Ponorogo nduweni *Laku Ritual Warok Sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri* kang ditindakake dening warok nalika wulan Suro. Laku ritual warok minangka salah sawijining wujud tradhisi Jawa kang isih kawentar ing kutha Ponorogo. Tradhisi laku ritual kasebut mujudake sawijing kewajiban dening warok kanthi tujuwan supaya nggayuh keimanan adhedhasar ati nurani kang resik sarta rasa ikhlas anggane tumindak lan tumandang. Adhedhasar bab kasebut panliten nduweni kekarepan kanggo nindakake panliten ngenani *Laku Ritual Warok Sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri*.

Undering panliten yaiku 1) Kepriye mula bukane Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri ing Kabupaten Ponorogo?; 2) Apa wae jinis ubarampe lan makna simbolis kang dibutuhake ing laku ritual warok?; 3) Apa wae busana lan makna simbolis kang dibutuhake ing laku ritual warok?; 4) Kepriye laku ritual kang ditindakake?; 5) Kepriye nilai *filosofi* laku ritual warok?; 6) Apa wae mantra ing laku ritual warok?

Ancasing panliten yaiku 1) Ngandharake mula bukane Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri ing Kabupaten Ponorogo; 2) Ngandharake jinis ubarampe lan makna simbolis kang dibutuhake ing laku ritual warok; 3) Ngandharake busana lan makna simbolis kang dibutuhake ing laku ritual warok; 4) Ngandharake laku ritual kang ditindakake; 5) Ngandharake nilai *filosofi* laku ritual warok;

Paedah panliten laku ritual warok yaiku 1) Kanggo nambah pamawas babagan kawruh budaya Jawa, khusus ngenani *Laku ritual Warok Sajrone Paguyuban Seni Reyog kartika Puri ing Kabupaten Ponorogo* kang andhuwehi tujuwan yaiku kanggo ngesiki awak lan ningkatake aspek rohani, 2) Nambah pangribawane folklore Jawa, perangan saka kabudayan Jawa, 3) Nglestarekake kabudayan Jawa, amarga anane panliten iki bisa nyathet lan ngrembakake budaya Jawa kang utawa *Laku Ritual Warok Sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri ing Kabupaten Ponorogo*, 4) Dokumentasike salah sawijing budaya Jawa kang utawa laku ritual warok.

Teori kang cundhuk kanggo ngudhari masalah kang tinemu ing panliten iki yaiku : (1) ritual, (2) semiotik (3) hermeutika. Leladhesan teori kanggo nitingi wujud *Laku Ritual Warok Sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri* migunakake teori semiotic Pierce. Sarta nitingi wujud *Laku Ritual Warok Sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri* nggunakake teori piguna Bascom lan teorine Dundes. Panliten ngenani *Laku Ritual Warok Sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri* iki nggunakake ancangan kanthi metode panliten kualitatif deskriptif kang nggoleki data kanthi jero amarga data kasebut ngandhut sawijing makna. Data ing panliten iki awujud data lesan lan data barang. Data lesan arupa tembung, frase, ukara, lan wacana asiling wawancara marang informan. Data barang arupa gambar utawa asile dokumentasi saka busana lan ubarampe *Laku Ritual Warok Sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri*. Data kasebut antuk lumantar metode lan teknik observasi, wawancara, lan dokumentasi. Tatacara analisis data ing panliten ini nggunakake *open coding*, *axcial coding*, lan *selective coding*.

Tatarakiting adicara *Laku Ritual Warok Sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri ing Kabupaten Ponorogo* yaiku laku ritual warok sadurunge pagelaran, laku ritual warok nalika pagelaran, sarta laku ritual warok sawise pagelaran. Saliyane iku uga ana ubarampe kang digawe kanggo panjangkeping tatarakite laku ritual warok yaiku sajen jenang ndhut, dupo utawa miswa, merang, kembang setaman, cok bakal, lan tumpeng. Panliten iki uga nuduhake busana laku ritual warok yaiku busana warok tuwa, busana warok mudha, lan busan warokan. Sarta nilai *filosofi* laku ritual warok nduweni wewatekan limang prakara yaiku rila, narima, sabar, temen, lan budi luhur warok. Masyarakat Desa Paju bisa nampa tradhisi laku ritual warok kasebut minangka wis dadi pakulinan bebrayan anggane nindakake tradhisi kasebut, amarga masyarakat Desa Paju saperangan masyarakat kagolong islam kejawen, utawa masyarakat kang isih nindakake tradhisi kejawen minangka kanggo nguri-nguri kabudayan Jawa.

PURWAKA

Negara Indonesia kalebu negara kang atlatah jembar akeh pendhudhuke, lan minangka salah sawijining negara *majemuk* kanthi nduweni kabudayaan kang maneka warna. Kabudayan iku minangka unsur kang ora bisa dipisahake karo panguripane manungsa ing bebrayan. Saben-saben dhaerah mesthi nduweni kabudayaan kang bisa mbedakake antarane dhaerah siji lan sijine. Dideleng saka asal-usule, *istilah* kabudayan saka tembung *culture* kang tegese sakabehing rekadaya, pikiran, lan tumindake akale manungsa kanggo ngolah lan nglestarekake alam. Kabudayan iku asli ciptane manungsa.

Miturut Tylor (sajrone Danandjaja, 1984:6) uga njlentrehake kang diarani kabudayan yaiku samubarang kang nyawiji kayata kawruh, kapercayaan, seni, moral, hukum, lan sakabehing kabiasaan sarta pakulinan kang diduweni minangka anggota masyarakat. Kabudayan mujudake identitas sawijing bangsa, kayata kabudayan adiluhung kang ana ing kabudayan Indonesia yaiku kabudayan Jawa. Koentjaraningrat (1985:25-29) ngandharake yen kabudayan Jawa nduweni maneka warna kang sifate regional ing tlatah Jawa Tengah lan Jawa Timur. Kabudayan Jawa kang sumebar iku mau, uga ana bebrayan Jawa minangka salah sawijine bagiyane saka bebrayan kang bisa nyiptakake kabudayan kanggo nyukupi kabutuhane uripe manungsa. Bebrayan Jawa yaiku bebrayan kang manggon ing dhaerah Jawa, bisa ngomong basa Jawa, nengenake budaya Jawa, lan nduweni rasa idhentitas minangka wong Jawa.

Kabudayan Jawa uga nduweni adat-istiadat kang beda-beda. Adat-istiadat iku nduweni biji dhewe tumrap bebrayan kang panciptane ora bisa dipadhakake karo dhaerah liya. Tuladhane nindakake adat-istiadat kang isih kalaksanan ing bebrayan kaya dene upacara-upacara slametan kang dijangkepi ubarampe tartamtu kayata ing slametan kepaten, klairan lan liya-liyane. Upacara-upacara mau iku kagolong budaya lokal kang ana sajrone bebrayan lan tumekane saiki isih akeh sing nindakake upacara iku.

Takehe andharan ngenani upacara-upacara mau kang wis katulis, bisa kadudut yen lumakune upacara kanggo srana murih bisa sesambungan karo roh lan kekuwatan gaib kang lumrahe dipimpin dening dhukun utawa sesepuh kang wis pengalaman. Roh lan kekuwatan gaib iku bisa dipercaya ing panguripane manungsa uga bisa ngawasi sakabehing tumindake manungsa mau lan bebrayan Jawa. Bebrayan Jawa ing saben olah kridhaning urip mesthi dianakake upacara ritual tartamtu. Ritual-ritual mau nduweni tujuan supaya nemtremake urip lair batin lan njaga sesambungane karo warga utawa lingkungan khususe dhaerah Ponorogo.

Ponorogo iku minangka salah sawijine kabupaten kang ana ing propinsi Jawa Timur kang wewatesan karo kabupaten Madiun bagean lor,

kabupaten Trenggalek ing bagean wetan, kabupaten Magetan ing bagean kulon, kabupaten Pacitan ing bagean kidul lan minangka kutha cilik kang kawentar yaiku seni reyog. Para warga ing kabupaten Ponorogo uga isih ngugemi lan ngleluri budaya Jawa sing ana gegayutane tumrap urip ing panguripane manungsa. Tradhisi saka maneka warna ing panguripane manungsa isih ditindakake kanthi tumemen mligine laku ritual-ritual warok kang nganti tumekane saiki isih ditindakake dening warok nalika arep nindakake upacara-upacara tartamtu.

Laku ritual warok minangka salah sawijining wujud tradhisi Jawa kang isih kawentar ing kutha Ponorogo. Ritual iki minangka warisan kanthi turun-temurun kang ditindakake amung warok wae, masiya kaya mangkono kita minangka wong Jawa kudu nglestarekake tradhisi laku ritual warok supaya bisa tetep ana lan isih ditindakake dening budaya lan tradhisi kita kabeh.

Saben budaya Jawa utawa tradhisi mesthi bakal owah lan selaras karo kemajuane jaman senadyan ora kena pengaruh budaya liya. Apa maneh wong Jawa asipat tinarbuka marang lumebune samubarang kang anyar. Budaya utawa tradhisi kang ora menahi piguna tumrap bebrayan bisa dipesthekake bakal cures. Semono uga tumrap tradhisi laku ritual warok kang wis arang dilakoni menawa ora ana piguna kang mupagati tumrap bebrayane manungsa bakal ditinggal. Adhedhasar andharan-andharan ing dhuwur, panliti nduweni kekarapan nлити lan mangerteni luwih rowa ngenani laku ritual warok sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri ing Kabupaten Ponorogo, minangka gegayutane karo usahane nguri-nguri lan ngrestarekake tradhisi kang ana ing laku warok lan bisa kanggo ngimbangi owah gingsire jaman.

Gegayutan landhesane panliten kang wis diandharake mau, bisa didudut underaning panliten kaya mangkene (1)Kepriye mula bukane Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri ing Kabupaten Ponorogo?(2)Apa wae jinis ubarampe lan makna simbolis kang dibutuhake ing laku ritual warok?(3)Apa wae busana lan makna simbolis kang dibutuhake ing laku ritual warok?(4)Kepriye laku ritual kang ditindakake?(5)Kepriye nilai *filosofi* laku ritual warok?(6)Apa wae mantra ing laku ritual warok.

Adhedhasar undheraning panliten ancasing panliten yaiku (1)Ngandharake mula bukane Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri ing Kabupaten Ponorogo (2)Ngandharake jinis ubarampe lan makna simbolis kang dibutuhake ing laku ritual warok (3)Ngandharake busana lan makna simbolis kang dibutuhake ing laku ritual warok (4)Ngandharake laku ritual kang ditindakake (5)Ngandharake nilai *filosofi* laku ritual warok(6)Ngandharake mantra ing laku ritual warok. Panliten iki nduweni paedah, dene paedah yaiku : (1)Kanggo nambah pamawas babagan kawruh budaya Jawa, khususe ngenani *Laku ritual Warok Sajrone Paguyuban Seni Reyog kartika Puri* ing

Kabupaten Ponorogo kang andhuwehi tujuwan yaiku kanggo ngresiki awak lan ningkatake aspek rohani. (2)Nambah pangribawane folklore Jawa, perangan saka kabudayan Jawa. (3)Nglestarekake kabudayan Jawa, amarga anane panliten iki bisa nyathet lan ngrembakake budaya Jawa kang utawa (3)Dokumentasike salah sawijing budaya Jawa kang utawa *Laku Ritual Warok Sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri ing Kabupaten Ponorogo*.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Kabudayan

Istilah kabudayan asale saka basa Sanskerta buddhayah, yaiku wujud jamak saka tembung buddhi kang ngemu teges “budi” utawa “akal”. Kabudayan ngemu teges minangka sakabehing pikiran lan asil karyaning manungsa kanthi sarana pakulinan anggane padha nggegulang kapinteran (Koentjaraningrat, 2002:146). Unsur kabudayan minangka pakulinan sing dirembaka dening masyarakat sing dipadhakake karo kabutuhan bebrayane. Umume kabudayan sipate *adaptif*, amarga kabudayan minangka sarana kanggo njangkepi bebute manungsa. Diarani *adaptif* awit manungsa kerep nyoba supaya bisa nyawiji karo butuhane fisologis sing asale saka ragane manungsa kuwi dhewe.

Sudikan (2001:4) ngandharake kabudayan ing Indonesia diklompokake dadi telung jinis, yaiku: (1) kabudayan suku bangsa/dhaerah (2)Kabudayan lokal, (3)Kabudayan nasional, yaiku kabudayan kang disetujoni dadi duweke sakabehing bangsa Indonesia kanthi bebarengan.

Unsur kabudayan miturut Koentjaraningrat (2000:165) iku ana pitung unsur. Unsur kabudayan kasebut nduweni sipat kang *universal*. Tegese yaiku unsur kabudayan kasebut bisa ditemokake ing sakabehing kabudayan ing ndonya (1)sistem religi lan upacara agama; (2) sistem organisasi sosial; (3) sistem kawruh; (4)basa; (5)seni; (6)sistem pangupajiwa; (7)sistem piranti lan teknologi.

Koentjaraningrat (2002:5) ngandharake menawa kabudayan nduweni telung wujud, yaiku : (1) wujud kabudayan kang arupa ide, panemu, nilai, aturan lan liya-liyane (2)wujud kabudayan kang arupa tumindake manungsa kang trep ing bebrayan; (3) wujud kabudayan kang arupa barang asil panggaweyane manungsa. Saka katelu wujud kabudayan mau gamblang yen wujud kapisan lan kapindho minangka wujud ide lan panemune manungsa, dene wujud katelu minangka asiling karyane manungsa. Katelu wujud kabudayan mau ing kanyatan panguripane manungsa ora kapisah antarane siji lan sijine.

Folklor

Kanthi etimologis tembung Folklor iku saka Bahasa Inggris “*folklor*” tembung linggane *folk* lan *lore*. Folk yaiku sakumpulan wong kang nduweni ciri-ciri tandha fisik, sosial, lan kabudayan saengga bisa dibedakake saka klompok-klompok liyane.

Lore yaiku tradhisi kang diduweni folk, yaiku seperangan kabudayan kang diwarisake kanthi cara turun-tumurun liwat lisan utawa tuladha-tuladha kang diwenehi gerak isyarat utawa piranti pembantu miturut Brunvard (sajrone Danandjaja, 1984:1-2).

Dadi folklore yaiku minangka asil kabudayan kang ngrembaka sajrone masyarakat, kang diwarisake kanthi turun-tumurun liwat lisan utawa tulisan kang biasanae diwenehi tuladha awujud gerak isyarat. Folklor miturut Brunvard (sajrone Danandjaja, 1984: 19) nduweni ciri-ciri kang bisa mbedakake karo kabudayan liyane. Ciri-cirine yaiku : (1)Carane nyebarake utawa marisake lumantar ucapan yaiku disebarake saka wong siji menyang kanthi menehi tuladha marang generasi sabanjure; (2)Folklor asipat tradhisional, yaiku disebarake kanthi wujud kang padha lan mbutuhake wektu kang rada suwe (paling sethitik rong generasi)(3)Folklor awujud ing varian-varian kang beda nanging intine tetep padha. Kedadeyan iki disebabake amarga folklor disebarake lumantar ucapane manungsa kang cedhak karo luput lan lali. Prabeda mau ora ndadekake wujud dhasar folklor malih(4)Folklor asipat anonim, ora ana sing ngerti sapa kang nyiptakake(5)Folklor menehi piguna marang panguripane bebrayan, tuladhane dongeng menehi piguna piranti panggulawenthah marang anak, panyarune sosial;(6)Folklor asipat *pralogis*, yaiku nduweni logika dhewe kang ora mathuk karo logika umum;(7)Folklor duweke wong akeh saka klompok tartamtu.

Ritual

Sawijing tata laku kang ana ing panguripane manungsa lan bebrayan Jawa kang dadi pathokan yaiku anane pangatahuan para panyengkung budaya sajrone masyarakat. Paranta sosial kang nduweni panyengkung budaya minangka paedah sarana komunikasi antaraning warga masyarakat, lan uga penghubung antarane donya kang nyata karo donya gaib. Miturut Purwadi (2005:22) ritual yaiku awujud saka uriping manungsa kang nduweni agama. Liwat ritual iki manungsa ngbungake awake dhewe karo Kang Ilahi. Sajrone ritual manungsa *mengaktulisasikan* anane kang Ilahi. Karo ritual manungsa kaya-kaya ndhesek Kang Ilahi gelem merhatekake uripe (Purwadi, 2005:23).

Laku ritual iki biasane dianakake sajrone wektu-wektu tartamtu. Iki tegese nuturake yen piwulang lan piweling kang ngandhut nilai-nilai kauripan iku kudu terus-terusan, supaya warga masyarakat tetep patuh tumrap pranata-pranata sosial kang kudu diugemi. Ritual adat utawa ritual tradhisional minangka pranata sosial kang ana simbol-simbol. Simbol mau bisa uga digunakake minangka penghubung antarane donya gaib. Anane simbol-simbol sajrone ritual mau adhedhasar nilai-nilai etis ing mung dianakake kanthi tujuan njaga solidharitas para panindak ritual wae nanging uga njaga sing gegayutane karo arwah leluhur nenek moyang. Wong Jawa dhasare ora bisa uwal utawa

dipantha saka tradhisi slametan kanthi diniyato bisa slamet, kang lambange ing ubarampene.

Warok

Masyarakat Ponorogo ora beda karo masyarakat kutha liyane. Luwih-luwih karo pangrembakane kabudayan kang ana gegayutane karo dhaerah liya, saengga kanggo mbedakake pendhudhuk asli Ponorogo lan pendhudhuk ora asli Ponorogo yaiku saka dumadine warok. Miturut Sudirman (2003:3) warok asale saka tembung wewarah. Wewarah yaiku wong kang nduweni tekad kang suci, lan menahi tutunan kanggo wong liya. Tegese yaiku warok iku won kang wus purna saka sakabehing laku lan wus menep ing rasa. Gegambaran tokoh warok yaiku pemimpin, pelindung, lan pandhegani saka kesenian reyog Ponorogo. Warok nduweni ksaktian kang gedhe kanthi senjata kang arupa kolor. Warok uga nduweni tekad suci lan wis purna saka sakabehing laku, lan wis menep ing rasa nduweni ilmu bebetenge raga lan nduweni bebasan yaiku “atose balung ulete kulit”.

Miturut Purwowijoyo (1985:15) warok dibedakake dadi telung jinis, yaiku : (1) Warok tuwa, yaiku pawongan kang nduweni drajat kajiwan kang ndhuwur saengga wenang lan wuruk marang sapa wae, dadi pangayomane sapa wae, dadi patuladhane sapa wae lan minangka pandhegani sajrone kesenian reyog ing Kabupaten Ponorogo; (2) Warok mudha, yaiku pawongan diwasa utawa sinoman anggane golek ilmu kasampurnaan utawa mata batin; (3) Warokan, yaiku pawongan kang mangerteni marang olah kanugrahan, anggane golek ngelmu mung kanggo golek bebetenge raga.

Religi

Miturut Ahmadi (1986:142) religi saka tembung religio, kang nduweni makna agama utawa ajaran agama. Ing sajrone agama, manungsa nduwe kapercayan ngenani apa kuwi kekuatan gaib, kang nguwasani manungsa ing ndonya iki.

Koentjaraningrat kaya kang dikutip Herususanto (2005:24-25) njlentrehake yen religi perangan saka kabudayan. Saben religi arupa system kang sajrone ana patang kompenen, yaiku (1) emosi keagamaan kang nyebabake manungsa nduweni sikap religious. (2) sistim kapercayan kang ngandhut keyakinan lan bayangane manungsa ngenani Tuhan, anane alam gaib, normal lan ajaran-ajaran saka religi kang ana gegayutane. (3) sistim upacara religious kang nduweni tujuwan supaya luwih cedhak marang Tuhan, dewa-dewa, utawa makhluk-makhluk alus kang manggon ana ing alam gaib. (4) gerombolan lan kesatuan sosial kang nganut sistim kapercayan.

Rato kang dikutip Moertjipto (1997:26) ngandharake yen peyebab religi yaiku sikap wedi lan bisa narik kawigatan nanging ora bisa karo gaib lan keramat kang ora bisa dijlentrehake marang akal manungsa. Tylor kaya kang dikutip Moertjipto (1997:26) ngandharake yen kanggo manungsa wus nganut religi nduweni anggepan yen makhluk makhluk alus kasebut manggon ing sak kiwa tengene.

Semiotik lan Simbol

Simbol kang ana tradhisi Jawa ngandhut norma utawa aturan kang nggambarake aturan kanthi becik saengga bisa kanggo sarana pengendhali sosial. Simbol tumrap manungsa Jawa nduweni makna kang gegayutan karo panguripane manungsa. Iki mbuktakake yen apa sing kepingin diwedharake ing sajrone upacara adat ora diucapake kanthi langsung utawa nggunakake simbol tartamtu.

Semiotik asale saka bahasa Yunani “semenion” kang tegese yaiku “tandha”. Dadi semiotik yaiku salah sawijining cabang ilmu kang gegayutane karo pengkajian tandha lan samubarang kang gegayutane karo tandha, kayata sistem tandha lan proses kang dilakoni dening kang migunakake tandha. Tandha yaiku sarana kang dienggo sajrone upaya nggolek dalan ing donya iki. Tandha uga bisa awujud tembung, gerak isyarat, lampu lalu lintas, gendera, lsp (Kaelan, 2009:162).

Teeuw (1984:47) uga ngandharake yen semiotik minangka ilmu ngenani tandha saya ngrembaka ing jaman saiki lan diterapake menyang ilmu sastra, ilmu antropologi, filsafat, lan seni pertunjukkan. Tembung simbol asale saka Yunani “*symbolo*” kang nduweni teges tandha utawa ciri kang menahi weruh sawijining bab marang sawijining wong. Simbol miturut Herusatoto (1984:10) asale saka Yunani yaiku *symbolos* kang tegese tandha utawa ciri kang nuduhake samubarang menyang pawongan. Ing sajrone simbol ngandhut makna. Ing kene uga ngandharake yen tindakan simbolis wong Jawa yaiku : 1) tumindak simbolis tradhisi lan 3) tumindak simbolis kang ana sajrone seni. Masyarakat Jawa nindakake prastawa penting sajrone uripe mesthi ora ucul tumindak simbolis.

Hermeneutika

Miturut Endraswara (2008:42) hermeneutika yaiku sawijing *paradikama* kang njlentrehake teks adhedhasar logika linguistik. Hermeneutika uga nduweni piguna tumrap panliten, kang kapisan yaiku, Hermeneutik mbabar sawijing angerten implicit lan eksplisit ngenani “totalitas cultural” kabudayan utawa masyarakat sajrone ideology *fundamental* (pandangan dunia).Kaping pindho, sipat sastra sajrone bebrayan wis didentifikasi amarga nganalisis diwiwiti kanthi nggayutake ilmu pengetahuan cultural lan sakabehe pengalaman panguripane sajrone ujian minangka kang ginayut antarane sastra lan pengalaman *estetik* kanthi *estetik* sosial manungsa.

Saliyane iku miturut Mudji Sutrisno (2005:209) Hermeneutika mbahas ngenani babagan makna lan pemahaman kanthi cara tradhisional kang asipat subyektif, humanistic. Individualistic, estesis, filosofis, lan fenomenologis. Saka andhran ing ndhuwur bisa dideleng yen sajrone tradhisi kabudayan jawa ngandhut saperangan nilai lan makna kang isih *tersirat* utawa *tersurat* ing sajrone pemahaman, mula saka iku anggane mbabar nilai lan makna sajrone simbol-simbol kasebut bisa di

djlmeti maneh kanthi cetha nganggo sawijining *paradikma* kang njlentrehake teks adhedhsar logika lingusitik.

Lelandhesan Teori

Lelandhesan teori yaiku dhasare saka saperangan teori kang digawe lelandhesane panliten kang diteliti, kanggo nitingi babagan sajrone obyekt kang arupa wujud, makna, lan piguna. Babagan kapisan, kang dititingi yaiku wujud saka *Laku Ritual Warok Sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri ing Kabupaten Ponorogo* kang nggunakake teori folklor. Wujud folklore adhedhasar tipene kaperang dadi telu, yaiku : 1) folklor lisan, yaiku folklore kang wujud murni lisan, 2) folklor saperangan lisan, yaiku folklor kang wujud campuran lisan lan ora lisan, 3) folklor ora lisan, yaiku folklor kang wujud ora lisan, kayadene *arsitektur* rakyat lan solah bawa *tradhisional* rakyat (Danandjaja, 1991:21-22).

Babagan kang kapindho yaiku ngenani makna kang kinandhut sajrone *Laku Ritual Warok Sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri ing Kabupaten Ponorogo*, migunakake lelandhesan teorine Rahmad Djoko Pradopo (2010:119). Semiotik yaiku ilmu ngenani babagan tanda-tanda kang nganggep *fenomena* masyarakat lan kabudayan minangka tandha. Semiotik nyianoni *sistem, aturan, lan kovenisi-konvesi*, minangka *tanda-tanda* kasebut andhuwene teges.

Jinising tanda miturut sipat yaiku, 1) *ikon*, ngandharake gegayutaning sipat alamiah antaraning penanda lan petandane. 2) *indeks* minangka tandha nduweni gegayutan kausal utawa akibat antaraning penanda lan petandane. 3) *simbol*, tanda kang nduduhake minangka tanda ora ana gegayutan alamiah antaraning penanda lan petandane, Pierce (sajrone Van Zoest 1993:23-24). Mula kanggo ngaji symbol diartiake minangka tanda kang ora nuduhake ngenani gegayutaning alamiah antarane penanda karo petandane, hubungan kang kasipat arbiter utawa manusaka, hubungane adhedhasar konveksi masyarakat, lan maknane ditamtokake masyarakat, kamangka makna kang kinandhut sajrone *Laku Ritual Warok Sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri ing Kabupaten Ponorogo* sakehe digawe masyarakat pendukung.

Bab kang pungkasan yaiku ngenani pigunane *Laku Ritual Warok Sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri ing Kabupaten Ponorogo*, yaiku 1) minangka *system proyeksi* yaiku sarana piranti kang dadi kacabenggalaning angen-angen sawijing *koleksi*, 2) minangka sarana pengesahan *pranata-pranata* lan *lembaga-lembaga* kabudayan, 3) minangka sarana pendhidhikan, 4) minangka sarana piranti kanggo meksa lan ngawasi supaya norma-norma ing satengahing masyarakat diugemi lan ditindakake dening anggota *kolektif*. Uga nggunakake teori kang diandharake Alan Dundes (ing sajrone Sudikan (2001:100) yaiku : 1) kanggo ngandhelekake rasa paseduluran utawa *solidaritas* sawijing *kolektif*. 2) menehi pamawas kanggo wong

kang dibenerake dening masyarakat. 3) menehi sawijining cara, kang dibenerake dening masyarakat supaya ora ncela marang wong liyan. Ngenani babaagan tradhisi sesuci iki bakal digautake karo kaanan kang semesthine, supaya tinemu piguna kang trep karo kaanan obyekt panliten kang semesthine, saengga panliten bisa ngandharake aslie panliten padha karo kasyunyatan kang ana.

METODE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten "*Laku Ritual Warok Sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri ing Kabupaten Ponorogo*" iki nggunakake ancangan kualitatif dheskriptif. Miturut Taylor (sajrone Moleong, 2001:3) kualitatif dheskriptif yaiku panliten kang nduweni maksud kanggo mangerteni *fenomena* kang wis dilakoni dening subjek panliten, kayata perilaku, persepsi, motivasi, lan tindakan kanthi cara *holistik*, lan cara ndeskripsikake sajrone wujud tembung lan basa ing konteks alamiah kanthi manfaatake sakabehe metode ilmiah.

Gunane panliten kualitatif ing antare yaiku (1) digunakake dening panliti sing nduweni tujuwan nlinti obyekt kanthi luwih jero. (2) digunakake dening panliti kanggo mangerteni lelandhesan *fenomena* sing ora bisa diteliti kanthi panliten kualitatif. Mula saka iku panliten ngupayakake ndheskripsikake sakahe perkara-perkara sing ana gegayutane karo "*Laku Ritual Warok Sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri Ing Kabupaten Ponorogo*".

Objekt Panliten

Objekt panliten kang bakal diteliti ing panliten iki yaiku laku ritual warok sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri ing Kabupaten Ponorogo, minangka salah sijine wewengkon ing Ponorogo kang isih ngugemi lan nguri-nguri tradhisi mligine laku ritual warok kang bakal diteliti dening panliti.

Papan ing panliten

Papaning panliten gegayutan karo obyekt utawa masalah panliten. Papaning panliten yaiku ing Desa Paju, Kecamatan Siman, Kabupaten Ponorogo. Papan kasebut minangka obyekt panliten amarga laku ritual warok ing kesenian reyog ing kabupaten Ponorogo kasebut nduweni simbolisasi tumrap masyarakat panyengkung marang kesenian reyog.

Sumber Data

Sumber data ing panliten kualitatif budaya iku ana loro, yaiku manungsa (*human sources*) lan samubarang saliyan manungsa (*non human sources*). Saklorone sumber iku mau nduweni kalungguhan sing padha lan tansah nyengkuyung siji lan sijine (Endraswara, 2006:119). Sumber data sing arupa manungsa uga bisa diarani informan. Informan kaperang dadi loro, yaiku informan primer lan informan sekunder utawa tambahan.

Sudikan (2001:91) njlentrehake kang jarwane, sapa sing kudu dadi informan kunci, kaya dene (1) informan nduweni pengalaman pribadhi padha karo masalah kang diteliti, (2) yuswane informan wus dhewasa, (3) informan sehat jasmani lan rohani, (4) informan nduweni sifat netral, (5)

informan minangka tokoh masyarakat, (6) informan nduweni kawruh kang rowa ngenani perkara kang diteliti. Sabanjure Spradley (sajrone Sudikan, 2001:79) ngandharake yen informan nduweni limang syarat yaiku (1) *enkulturasi* utuh (2) keterlibatan langsung, (3) kahanan budaya kang ora dikenal, (4) wektu sing cukup, (5) *non analitis*.

Sajrone panliten laku ritual warok iki informan primer/kunci kang didadekake sumber data yaiku bapak Lasdi (83 taun) minangka gurukanuragan warok tuwa ing adicara lakune ritual warok sajrone paguyuban seni reyog Kartika Puri. Dene sumber data sekunder yaiku bapak Suwarno (63 taun) minangka pangarep warok mudha ing adicara ritual warok, lan Bayu Nugraha Murdiansyah (23 taun) minangka warokan utawa siswa warok ing adicara ritual warok sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri. Sumber data sekunder ing panliten iki arupa arsip-arsip sing isih ana gegayutane karo objek panliten.

Data Panliten

Data ing panliten iki awujud data lisan lan data kebendaan. Data lisan arupa tetembungan utawa katrangan saka informan lan lakune ritual warok sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri ing Kabupaten Ponorogo, dene data kabendaan awujud gambar utawa asiling dokumentasi sarta ubarampe utawa kalengkapane lan sarana-sarana sing digunakake ing laku ritual warok.

Piranti (Instrumen) Panliten

Panliten laku ritual warok sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri ing Kabupaten Ponorogo kang kalebu panliten lapangan mbutuhake instrumen utawa piranti panliten kanggo nyengkuyung apik lan tumatane asiling panliten. Piranti (*instrumen*) panliten kang dibutuhake yaiku : (1) Buku cathetan lan *bolpoin*, digunakake kanggo nyathet hal-hal kang penting kang dipethuki dening panliten nalika wayah ing panliten lapangan. (2) *Kamera digital* kanggo njupuk sakabehe gambar kang ana hubungane karo tradhisi laku ritual warok. (3) *Handphone (HP)* kanggo ngrekam swara saka inforaman kang luwih mangerteni ngenani tradhisi laku ritual warok. (4) Daftar pitakonan kanggo cekelan panliti nalika nindakake wawancara.

Tatacara Pangumpulane Data

Sajroning panliten kualitatif teknik pangumpulan data kang utama yaiku *observasi*, *dokumentasi*, lan *wawancara*. Tekni pangumpulan data ing panliten iki yaiku :

Teknik Observasi

Observasi yaiku tatacara ngumpulake data kanthi cara nekani langsung menyang objek kang arep diteliti. Sudikan (2001:87) merang observasi adhedhasar sipat interaksi ana loro yaiku, (1) *observasi biasa*, ing kene panliti minangka wong luar. Tegese panliti ana ing sajabane tumindak ing budaya. Panliti ora melu cawe-cawe ing tumindak ing tradhisi ritual kasebut. Mula bisa didudut yen jinis *observasi* iki mujudake *observasi* kang ora ana sesambungan antarane panliti karo

informan. (2) *observasi terlibat*, ing kene panliti nduweni sesambungan kang becik karo informan yaiku kanthi nuwuhake rasa percaya antarane informan marang panliti. Observasi jinis iki ditindakake kanthi anane kerjasama antarane panliti karo informan. Mula bisa didudut yen *observasi terlibat* iki mujudake observasi kang ana interaksi antarane panliti karo informan.

Mula bisa didudut yen *observasi terlibat* iki mujudake observasi kang ana interaksi antarane panliti karo informan. Maryaeni (2005:65) ngandharake yen ngenani prinsip-prinsip kang kudu digatekake nalika nindakake ngamati ana papat, yaiku (1) Panliti mung nyathet apa kang dideleng, dirungokake, utawa dirasakake, lan ora nggunakake tumindak utawa panemu sajrone cathetan ngamati kang dicathet. (2) Panliti aja nyathet bab kang durung mesthi anane, amarga prakara kuwi pancen durung dimangerteni, dirungokake, lan dirasakake kanthi cetha dening panliti. (3) Cathetan observasi ing sajrone panliten nggunakake dheskripsi fakta kanthi holistik supaya bab kasunyatan bisa luwih cetha. (4) Nalika nindakake observasi aja nganti lali konsep kang dikarepake.

Teknik Wawancara

Teknik wawancara yaiku tatacara ngumpulake data kanthi menahi pitakonan-pitakona marang *responden* kanggo golek informasi kang dibutuhake (Arikunto, 2002:227). Koenjaraningrat, sajrone Moleong (2009:187) merang wawancara dadi telu yaiku (1) *Wawancancara informal*. Teknik wawancara iki pitakonane sing diajoake marang informan tanpa disusun luwih dhiseki, bisa uga informan kasebut ora sadhar yen dheweke lagi diwawancarai. (2) *Wawancara terpimpin*. Teknik wawancara kanthi pitakonan-pitakonan kang disusun sadurunge ditakokake marang informan. (3) *Wawancara baku terbuka*, wawancara iki manfaatake informan kang jumlahe akeh. Wawancara iki nggunakake daftar pitakonan. Babagan iki ditindakake kanggo nyegah yen ana salah paham ing antarane para informan. Miturut Arikunto (2002:227) wawancara bisa diperang kaya ing ngisor iki (1) *Pedoman wawancara terstruktur*, yaiku sakabehe pitakonan kanthi urut kang wis katata kanthi cetha, wujud arupa *cek-list*. Panliti ing kene among menahi tandha cawing tumrap data kang wis diiapake. (2) *Pedoman wawancara semi terstruktur*, yaiku wujud wawancara kang nggunakake pitakonan kang wis cetha banjur ditambahi pitakonan anyar saperlu nggoleki katrangan kang luwih cetha. (3) *Pedoman wawancara ora terstruktur*, yaiku nengenake pitakonan kang sipate umum wae. Mula ing kene panliti kudu nduweni kapinteran kanggo njlentrehake katrangan kang linuwih.

Teknik Dokumentasi

Arikunto (2002:236) ngandharake yen teknik dokumentasi ora angel dibandingake teknik liyane, yaiku golek data ngenani bab-bab kang arupa cathetan, transkrip, buku, surat, surat kabar, majalah,

prasasti, notulen rapat, agenda, lan sapanunggaling. Dibandingake klawan metode liyane, metode dokumentasi ora pati angel, ana ukara liya yen ana kliru sumber datane isih tetep ana, durung owah.

Tatacara Analisis Data

Teknik analisis data kang bakal digunakake ing panliten iki yaiku teknik analisis *deskriptif*, yaiku tata cara ngonceki data kanthi ngunakake tetembungan dudu angka kang bisa menahi katrangan utawa nadharan panliten adhedhasar data kang antuk subjek kang diteliti (Sudikan, 2001:85). Sajrone panliten *kualitatif*, analisis data ditindakake wiwit ngumpulake data nganti panulisan asiling panliten. Ing teknik panliten iki nggunakake telung tahapan, yaiku : (1) *Open Coding*, (2) *axial coding*, (3) *selective coding*, kang ditindakake kanthi cara nggolongake proses kategori inti kang gegayutan karo kategori liyane,

Saliyane kuwi, tatacara nganalisis data sajrone panliten "*Laku Ritual Warok Sajrone Paguyuban Reyog Kartika Puri ing Kabupaten Ponorogo*" bisa luwih cetha kaandharake ing ngisor, yaiku (1) Panliti nyahet lan ngumpulake sakabehe data asiling ngamati tumrap adicara "*Laku Ritual Warok Sajrone Paguyuban Kartika Puri ing Kabupaten Ponorogo*". (2) Transliterasi data wawancara dadi wujud tulisan. (3) Verifikasi data utawa milih lan milih data adhedhasar kapentingan. (4) Klasifikasi lan kodifikasi, ngumpulake data lan menahi kode-kode dening data miturut kaagunane. (5) Napsirake data, data-data kang wis kakumpulake dianalisis kanggo ngoleki isi lan makna kang kinandhut ing laku ritual warok sajrone paguyuban seni reyog Kartika Puri ing Kabupaten Ponorogo.

ANDHARAN ASILING PANLITEN

Kahanan Masyarakat Desa Paju, Kab. Ponorogo

Kahanan masyarakat Desa Paju bisa dideleng saka kahanan alam lan kahanan bebrayan. Kahanan bebrayan iki gegayutan karo kahanan pendhudhuk, pendhidhikan, pangupajiwa, sarta agama lan kapitayan masyarakat, kaya kang kaandharake ing ngisor iki:

Kahanan Alam

Sacara geografis Kabupaten Ponorogo dumunung ana ing 111°17' - 111°52' BT lan 7°49' - 8°20' LS. Kabupaten Ponorogo wewatesan karo kabupaten Madiun bagean lor, kabupaten Trenggalek ing bagean wetan, kabupaten Magetan ing bagean kulon, kabupaten Pacitan ing bagean kidul. Saliyane iku, ambane Kabupaten Ponorogo yaiku 5.119.905 km² (1.739.707 Ha) utawa 24 % saka jembare wilayah Propinsi Jawa Timur.

Kabupaten Ponorogo dumadi saka 21 kecamatan, salah sijine yaiku Kecamatan Ponorogo. Kecamatan Ponorogo dumadi saka 19 desa yaiku kelurahan Paju, Brotonegaran, Pakunden, Kepatihan, Surodikraman, Purbosuman, Tonatan, Bangunsari, Tamanarum, Kauman, Tambakbayan, Pinggirsari, Mangkujayan, Banyudono, Nologaten,

Cokromenggalan, Keniten, Jingglong, Beduri. Saka 19 desa kasebut, Desa Paju minangka papan kang dipilih kanggo panliten. Jarake Desa Paju ing Kutha Ponorogo kurang luwih 3 km, lan jarak desa menyang kecamatan watara 3 km. Desa iki wewatesan karo Desa Brotonegaran ing sisih lor, Desa Sragi ing sisih kulon, Desa Pengkol ing sisih kidul, lan Desa Sragi ing sisih wetan.

Kahanan Bebrayan

Kahanan bebrayan Desa Paju, Kecamatan Ponorogo, Kabupaten Ponorogo bisa dideleng saka cacache pendhudhuk, pendhidhikan, pangupajiwa, agama lan kapitayan.

Sesambungane Data Etnografi karo *Laku Ritual Warok sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri*

Desa Paju yen dideleng saka kahanan alam lan kahanan bebrayane kalebu desa kang maju. Kahanan alame kalebu subur, saengga cocok kanggo olah tetanen. Dene kahanan bebrayane bisa diarani maju, kayata pendhudhuke wis mapan lan perekonomian bisa diarani cukup *sejahtera*. Kahanan kasebut bisa menahi pangaribawa tumrap panguripan sosial lan budaya sajroning urip bebrayan ing Desa Paju.

Desa Paju minangka salah sawijining desa kang isih ngleluri kalestarian budaya Jawa. Kabukten masyarakat isih nindakake laku ritual warok. Dideleng saka dununge, desa iki mujudake desa kang cedhak saka kutha Ponorogo. Jalaran Desa Paju cedhak saka kutha, mula pamikiran lan tindakane isih tradhisional lan babagan kasebut ndadekake salah sawijining faktor panyengkuyung tetep anane *Laku Ritual Warok sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri*.

Babagan liya kang nyengkuyung yaiku agama lan kapitayan kang diugemi dening pendhudhuk. Pendhudhuk ing desa iki paling akeh nganut agama Islam, dene Islam kang dianut kang paling akeh yaiku Islam abangan. Ing desa iki uga ana kang ora nduweni agama kang cetha utawa diarani golongan *Kepercayaan kepada Tuhan YME*.

Mula Bukane Payuguban Seni Reyog Kartika Puri

Bapak Sudirman ngedekake paguyuban seni reyog Kartika Puri taun 1956. Kaloro pawongan mau wiwit cilik tumekane gedhe seneng ndeleng kesenian reyog. Saengga kalorone nduweni kekarepan ngedekake paguyuban seni reyog. Paguyuban kasebut manggon ing Desa Jenes, Kecamatan Siman, Kabupaten Ponorogo. Masyarakat Ponorogo menahi jejuluk marang Bapak Sudirman kanthi sesebutan Dirman. Panjenengane dadi guru ing SMP Negeri 1 Jetis, Kecamatan Jetis, Kabupaten Ponorogo.

Taun 1962-1965 paguyuban seni reyog Kartika Puri digunakake kanggo sarana *propagandha* politik saka gejala *Partai Komunis Indonesia (PKI)*. Taun 1968, Bapak Lasdi oleh kapiyatan kanggo ngramekake Pemilu ing kampanye partai Golkar. Taun 1971 pemilu dimenangake partai Golkar, kesenian reyog ing tlatah Ponorogo saya

ngrembaka. Ing taun 1977 kanggo ngadhepi pemilu masyarakat uga nganakake pagelaran kesenian reyog saka seni reyog Kartika Puri. Taun 1982 Bupati Markum Singo Dimejo lan Depdikbud Ponorogo nganakake festival kesenian reyog manggon ing alon-alon Ponorogo bebarengan karo adicara Grebeg Suro. Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri uga melu nyiapake pagelaran kang manggon ing Kediri. Pagelaran ing Kediri iki kanggo adicara dina ambal warsa Radio Joyo Boyo Kediri tanggal 15 Februari 2004. Saka iku kabukten yen seni reyog Ponorogo ora mung digelarake ing sajrone kutha Ponorogo nanging uga sajabane kutha Ponorogo.

Ubarampe lan Makna Simbolis kang Dibutuhake ing Laku Ritual Warok

Ubarampe bisa diarani sajen, sajen asale saka tembung “aji” kang ngemu teges samubarang kang migunani. Sajen biyasane ditujokake marang roh alus supaya ora ngganggu manungsa lan ditujokake marang Gusti Kang Murbeng Dumadi supaya oleh berkah. Ubarampe ora bakal uwal saka adicara slametan kang ditindakake dening bebrayan Jawa, amarga ubarampe minangka syarat kang kudu ana ing adicara slametan. Kayadene ing *Laku Ritual Warok Sajrone Paguyuban Reyog Kartika Puri Ing Kabupaten Ponorogo* iki ora uwal saka maneka werna ubarampe. Ubarampe utawa sajen kang digunakake sajrone laku ritual warok nduweni maneka werna wujud, lan makna dhewe-dhewe saka siji mbaka siji saka ubarampe mau nduweni makna dhewe-dhewe. Makna kang ana ing ubarampe bisa diarani simbol. Mula saka iku, masyarakat kang nduweni kabudayan mesthi ora bakal uwal saka simbol. Masyarakat Jawa asring nyimbolake makna kang ana ing ubarampe. Mula saka iku, manungsa diarani makhluk budaya lan makhluk simbolisme, yaiku makhluk kang tata pamikiranane nengenake simbol-simbol.

Kayadene ing laku ritual warok, simbol-simbol mau uga bisa dituduhake ing ubarampe “*Laku Ritual Warok Sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri ing Kabupaten Ponorogo*”. Ubarampe ubarampe nalika laku ritual warok yaiku nggunakake dupo utawa misma, cok bakal, kembang setaman, tumpeng, lan merang.

Busana lan Makna Simbolis ing Laku Ritual Warok

Busana warok yaiku wujud kabudayan sing digawe dening manungsa. Saka pangrembakane jaman lan wektu, nyebakake *kreativitas* masyarakate luwih maju. Wujud masyarakat luwih maju iku amarga busana minangka kabutuhan utamane manungsa. Masyarakat Jawa nduweni *filosofi* sajrone busana sing digawe kanggo nuduhake kepribadhen kanthi anane bebasan Jawa yaiku “Ajining Dhiri Saka Obahing Lathi, Ajining Raga Saka Busana”. Bebasan kasebut nduweni teges yen manungsa bisa diarani apik utawa ala gumantung saka tata cara nggunakake busana. Busana kang diperlokake warok nalika laku ritual yaiku busana kang ngemu piwulang luhur lan ngandhut makna

simbolis. Busana warok ora bisa dipisahake saka laku ritual. Iku amarga busana minangka dadi panjangkep ing adicara pagelaran kasebut. Busana laku ritual warok ana telung jinis yaiku busana warok tuwa, busana warok mudha, busana warokan utawa siswa warok.

Busana Warok Tuwa

Warok tuwa yaiku pawongan kang nduweni yuswa antarane 59 taun, nduweni drajat kajiwan dhuwur, dadi pengayoman lan patuladhan sapa wae sajrone kesenian reyog ing Kabupaten Ponorogo. Busana warok tuwa ing kene nduweni makna yaiku drajat kajiwan sing dhuwur, wenang mulang lan wuruk marang sapa wae, sarta bisa dadi pengayomane sapa wae. Busana digawe dening warok tuwa nalika laku ritual yaiku 1) Blangkon kang dianggo ing laku ritual warok nduweni makna yaiku samubarang kang wis kelakon bakal dadi pepesthene Pangeran. Plipit mungguh uga nduweni makna yaiku samubarang kang wis kelakon iku gulungen dadi siji (dadi jimati) supaya bisa kanggo ninggali anak putu ing tembe buri. 2) Beskap ireng minangka busana warok tuwa kang digawe asale saka kain werna ireng, kanthi anane kancing cacahé lima ing tengah-tengahé beskap. Wujud jaitan pinggire lengen nduweni makna tetenger khas Kutha Ponorogo. 3) Sabuk othok lan kolor nyawiji uga nduweni makna yaiku manunggale manungsa iku kayata wiwit pungkasané kolor. Kolor yaiku tali pangiket clana kang digawe saka benang katun utawa lawe, werna putih dawane 2 meter, nduweni garis ing tengah-tengah kurang luwih 3 cm lan ing pucuke benang rempyak-rempyak. Kolor uga nduweni makna yaiku saka tembung aja kok olor-olor. Tembung aja kok olor-olor ing kene nduweni teges yaiku wektu iku aja kok olor-olor saengga bisa longgar tujuwane marang rahayune ing bebrayan. 4) keris gabelan iki ndhuwure rangka wujudé endhek lan tumpul. Gabel yaiku jeneng desa kang nduweni keris gabelan. Desa Gabel manggon ing Kecamatan Kauman, Kabupaten Ponorogo. Tata cara nggawe keris gabelan yaiku diselipake ing pungkasané lipetan ana bangkekane stagen. Keris gabelan nglambangake kaya dene klasa sing digawe saka anyamane godhong, bisa kanggo turu ateges nuduhake rasa tentrem ing kaluwarga. 5) Jarik wiru lima, jarik nduweni makna yaiku aja gampang serik marang wong liya, kudu ngati-ati lan ora oleh grusa-grusu. Wiru ateges yen jarik ora owal saka wiru. Wiru nduweni makna yen sakabehe tumindak aja nganti kliru supaya bisa mujudake kahanan kang wigati. Lima ing kene uga ana gegayutane karo rukun islam yaiku pangucapané tembung syahadat, sholat, pasa, haji, lan zakat. Lima liyane uga nglambangake saka napsu papat lima pancar. Jarik wiru lima nglambangake minangka saka luluhe lan manunggaling napsu papat lima pancar yaiku napsu aluamah, napsu amarah, napsu mutmainah, napsu supiah ngenani roh kang suci. 6) kadhok kadhok nduweni makna yaiku tansah nglonggarake

rasane, atine murih marang rahayune, lan yuwasne jagad gedhe. Kombok uga nduweni makna yaiku longgar utawa ngglonggarake rasane. Kathok kombok. Kathok kombok uga nglambangake saka gegambaran wong kang bakal ngajeni lan gelem ngrukokake pesen saka wong liya lan ora mung asal wicara kanggo bisa mujudake pepinginan kang sampurna. 8) Srandal kang digawe warok tuwa yaiku saka kulit werna coklat wujud srampat. Srandal maknane yaiku canthelana jroning nala. Srampat kang manggon ing sikil nduweni makna yaiku sajrone nyembah marang Gusti Kang Murbeng Dumadi kudu saka lair tumuju batin. Jempolan winadahan nglambangake minangka sugenge warok tuwa ora butuh pangalembana. 9) Teken yaiku tongkat kang gunane kanggo mbantu ngadeg warok tuwa supaya luwih kuwat. Teken ing kene tegese yaiku bisa kanggo cekelan urip supaya ora sembrana sabendinane. Teken uga nglambangake yen kudu tekun lan kenceng anggone kita ngabekti marang Gusti Kang Murbeng Dumadi.

Busana Warok Mudha

Warok mudha nduweni teges yaiku sinoman utawa pawongan dewasa kang yuswane antarane 30 taun anggone golek ilmu kasantosan lan kasampurnaan utawa mata batin. Busana warok mudha nduweni makna minangka anggone golek ilmu kasampurnan wis gelem ajak-ajak para sadulure. Busana warok mudha ana patang jinis, yaiku 1) Blangkon Mondolan, blangkon yaiku tutup sirah kang digawe saka bathik, minangka bageyan saka busana tradhisional Jawa. Blangkon nduweni makna yaiku samubarang kang kelakon iku bakal dadi pepesthene Pangeran. Mondolan yaiku mondhol bageyan ing mburine blangkon. Mondolan kang ditindakake laku ritual nduweni makna yaiku samubarang kang wis kelakon gulungen dadi siji (dadi jimati). Blangkon mondolan nglambangake sejatine ing jaman biyen yen rambut kang digulung ateges supaya kahanan kang kelakon lembut iku wujud gulungan dadi siji. 2) Angkin epek mawa praba yaiku kain kang digawe saka bludru werna abang dipacaki monte werna kuning kanthi timabangane werna putih lan ireng. 3) Angkin nduweni makna yaiku anggonmu kinkin utawa gandrung tumuju marang kautaman. Epek mawa praba uga nduweni makna yaiku nuduhake yen manungsa ora sepi ing pamrih. Angkin epek mawa praba nglambangake supaya bisa nggayuh nilai-nilai kang bener, senjata manungsa ora bakal owal saka lupute kang ditindakake kanthi rasa tanggung jawab. 4) Kolor yaiku tali pangiket clana digawe saka benang katun utawa lawe werna putih dawane antarane loro meter, nduweni garis ing tengah-tengah kurang luwih telu cm ing pucuke ana benang remyak-remyak. Kolor kasebut ditalekake kaya dene jinise sabuk nyawiji. 5) Srandal srampat digawe saka kulit werna ireng. Srandal nduweni makna canthelana jroning nala. Srampat uga nduweni makna yaiku sajrone nyembah marang Gusti Kang Murbeng Dumadi kudu saka lair tumuju

batin. Srandal srampat uga nduweni makna yaiku golek kasampurnan awak kang isih reget. Kiblata manungsa nalika panembah isih jumbal jumbul. Mula saka iku kadang kala isih kasampar kesandunge uripe, supaya manungsa enggal eling marang tujuwane.

Warokan utawa Siswa warok

Warokan utawa siswa warok yaiku pawongan kang yuswane antarane 20 taun mangerteni marang olah kanuragan, lan anggone golek ngelmu mung kanggo golek bebetenge raga. Busana warokan nduweni makna yaiku anggone golek kawruh mligine kanggo awake dhewe. Mula saka iku busana digawe warokan nalika laku ritual yaiku 1) Udheng Gadhung Mlathi. Udheng gadhung mlathi nduweni werna dhasare ireng utawa gadhung bathik ireng ing pinggire. Udheng gadhung mlathi digawe warokan utawa siswa warok. Udheng uga nduweni makna yaiku mudheng marang dununge urip kang sejati. Mlathi maknane yaiku wujud panembah sarana panggaweane, tujuwane yaiku sabisa-bisane kita bisa tansah aweh kabecikan marang sapa wae. Udheng gadhung mlathi uga nduweni makna yaiku mudheng marang gegayuhan kang luhur tumrap panguripan kang sejati. 2) Wakthung asale saka tembung krowak lan bunthung. Krowak lan bunthung ateges yaiku luwang ing bageyan bhuntung. Penadhon uga nduweni makna yaiku ngupadi barang kang wigati marang ilmu kasampurnaan sarta aja seneng padudon. 3) Ngliga dhadha minangka gegambaran saka watake wong Ponorogo. Bebasane wong Ponorogo yaiku yen wani aja wedi, yen wedi aja wani. Ngliga dhadha ing kene nduweni makna yaiku watak ora sombong. Gegambarane watak ora sombong bisa diarani saka ing dadaku endi dadamu, yen luput kudu nglakoni lupute, sarta yen bener bakal dikukuhi nganti tetese getih tekan pecate sukma. Pralambang saka ngilga dada minangka ngrekaos marang tujuwane kanggo golek kasampurnaan kang sejati.

Laku Ritual Warok sajrone Paguyupan Seni reyog Kartika Puri

Ing kene laku ritual kaperang dadi telu yaiku laku ritual warok sadurunge, laku ritual warok nalika pagelaran, sarta laku ritual warok sawise pagelaran seni reyog Kartika Puri.

Laku Ritual Warok sadurunge Pagelaran

Laku ritual warok sadurunge pagelaran uga nduweni ritual khusus kang ditindakake dening warok. Laku ritual yaiku laku lair uga laku batin, pamrihe supaya uripe bisa slamet. Laku lair sing ditindakake para warok yaiku diwiwiti saka prosesi adus karmas, laku tirakat, lan upacara slametan.

Laku Ritual Warok nalika pagelaran

Ing lumakune laku ritual warok nalika pagelaran seni reyog kaperang dadi loro yaiku kutug, lan adicara panglipur.

Laku Ritual Warok sawise Pagelaran

Laku ritual warok sawise pagelaran seni reyog Kartika puri yaiku pamitan. Adicara pamitan minangka tata laksana kang wigati ing adicara ritual

iki. Wujud adicara pamitan yaiku ucap matur nuwun supaya apa kang dadi pepingine warok bisa digayuh kaya dene diwenehi rasa ayem, rasa tentrem, lan slamet ing donya uga akhirat. Ucap matur nuwun kang diucapake dening warok minangka kang kudu ditindakake ing adicara pamitan.

Nilai filosofi Laku Ritual Warok

Nilai filosofi laku ritual warok nduweni wewatekan limang prakara yaiku (1) Rila Sejatine kang diarani rila yaiku enggaring ati, tumrap anggane masrahake kabeh darbeke, wewenange, lan kabeh wohing panggawe marang Gusti Kang Murbeng Dumadi. Mulane kudu ora ana sawiji-wiji kang nabet ing atine. Awit saka iku, wong kang ora ana sawiji-wiji kang nabet ing atine. Wong kang nduweni watak rila, ora patut yen ngarep-ngarep pituwasing lakune, apa maneh yen ngantia susah utawa ngresah, tumrap kabeh panandhang kang lumrahe ingaran sangsara, panyamah, pitenah, kelangan bandha, drajat, kasripahan, lan sapanunggalé.(2) Sabar kang ateges momot, kuwat nandhang sakabehing coba, nanging dudu wong kang pepes pangarep-arepe, balik wong kang santoso atine, jembar sesurupé, ora rupak budine, lan pantes mungguh bisa diarani segaraning kawruh. Pepindhane kaya dene segara kang kamot diiseni apa-apa, lan ora bisa mbaludag dening kejogan saka kali-kali ngendi bae. Awit saka iku manungsa kang padha ulah kasabaran, padha diangkaha bisane sumingkir saka wewatakan cekak-rupak, sarta brangasan. Wong kang padha cekak budine, iku jalaran saka pikirane winatesan ing krawuhe, nganggep kleru marang kwaruhing liyan, kang ora padha karo kawruhe dhewe. Kasabaran iku pepindhane jamu omben-omben kang pait banget, kang mung bisa diombe dening para santoso ing budi, nanging bisa diombe marasake kasusahan lan lelara. Mulane wong kudu ngrengkuh kalawan sabar sarta katresnan marang sadhengah wong, kaya dene pangrengkuhira marang kang wong dak fresnani.(3) Narima yaiku akeh lerenge marang tentreming ati, dadi dudu wong kang lumuh ing gawe nanging kang narima ing sapanandum. Apa kang wis cinikel ana ing tangane, digarap kanthi senenging ati, ora murka lan ngangsa-ngangsa. Narima iku ora mengini darbeking liyan, sarta ora meri marang kabegjane liyane. Mulane wong kang narima iku kena diarani wong kang syukur marang Gusti Kang Murbeng Dumadi. Panarima iku sawijing bandha kang ora bisa enthek, mulane sing sapa golek sugih, upayanen apa ing ironing panarima. (4) Temen Temen iku tegese netepi janji utawa netepi sesanggeman, senajan wus kelair ing wicara utawa isih kabatin. Dadi wong kang ora netepi niyate, iku jenenge nyidrani karo batine dhewe, dene niat mau wus kelair ing wicara, semono uga ora ditetepi iku gorohé mau ateges diseksekake marang wong liya. Temen iku maweh kakendelan. Sarta katentreman marang ati, lan uga anucekake ati apa dene agawe tulusing pambekan. Tuladhane kayata wong ora bisa nglakoni agama

kalawan becik, manawa atine ora suci, dene ati ora bisa suci, manawa atine uga ora suci. 5) Budi Luhur mangkono saka tembung rong wanda kang digandheng dadi satembung aran yaiku, saka tembung budi lan luhur. Budi iku saperangan saka watake sukma sejati tegese padhang, kang minangka damaring manungsa kang sejati. Dene sorote budi iku tinampan ing cipta mung wae rehning cipta iku pirantining jiwa, kang anggandheng antaraning Tripurusa lan kabeh piranti knag dadi wadhaha, mula cipta mau anduweni watak rong prakara yaiku padhang lan petheng. Padhang iku sejatine wataking Tripurusa, dene peteng iku watake wadhaha. Wataking Tripurusa iku dadi kekuwataning manungsa sejati dene watake wadhah utawa piranti-piranti iku dadi kekuwatane tetunggane utawa kewani. Tuladhane Manawa wong pinuju padhang pikirane utawa anduweni rasa tentrem, iku ciptane pinuju runtut gandhange lawan kekuwatane manungsane, mula sorote budi ora bisa tinampan ing ciptane amarga ciptane mau rinegedan ing pepingine. Dene tembung luhur yaiku sipating Pangeran Sejati, kayata sukma kawekas, kang tansah angilekake saya kekuwatane, lumantar sukma kang sejati. Dadi tembung budiluhur yaiku mungguh karepe manungsa tansah marsudia bisane mirip kelawan watak-watak utawa sipating Gusti Kang Murbeng Dumadi. Tuladhane kayata welas asih marang sapepadhane titah, suci, adil, ora ambedak-bedakake drajat, gedhe cilik, suhig miskin, direngkuh kaya sadulure dhewe nanging iya ora ngilangake tata karma lan kasusilaaan.

PANUTUP

Dudutan

Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri dideghe taun 1956 dening Bapak Lasdi lan Sudirman. Paguyuban kasebut uga nduweni laku ritual warok kang ngrembaka ing sakabehe dhaerah Jawa lan isih nguri-nguri lan ngugemi budaya Jawa, mligine ing tlatah Jawa timur yaiku Desa Paju, Kecamatan Ponorogo, Kabupaten Ponorogo. *Laku ritual Warok Sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri ing Kabupaten Ponorogo*, kang ana ing kene iki uga ngandhut piwulangan-piwulangan kang becik sing ditindakake dening warok kang bisa digawe patuladhan kayata nalika yen awake dhewe arep nindakake adicara tartamtu. Awake dhewe kudu ngerti marang kahanan kang suci lair lan batin supaya apa kang dadi tujuwane bisa laksana kanthi lancar lan sampurna.

Ubarampe ora bakal uwal saka adicara slametan kang ditindakake dening bebrayan Jawa, amarga ubarampe minangka syarat kang kudu ana ing adicara slametan. Kayadene ing *Laku Ritual Warok Sajrone Paguyuban Reyog Kartika Puri Ing Kabupaten Ponorogo* iki ora uwal saka maneka warna ubarampe. Busana kang diperlokake warok nalika laku ritual yaiku busana kang ngemu piwulang luhur lan ngandhut makna simbolis. Busana warok ora bisa dipisahake saka laku ritual. Iku amarga busana minangka dadi panjangke ing

adicara pagelaran kasebut. Busana laku ritual warok ana telung jinis yaiku busana warok tuwa, busana warok mudha, busana warokan utawa siswa warok. Nilai *filosofi* kang ditindakake dening warok nduweni wewatekan limang prakara yaiku rila, narima, sabar, temen, lan budi luhur mantra minangka aspek wigati ing adicara kasebut.

Pamrayoga

Tradhisi laku ritual warok minangka tradhisi turun-temurun kang ngrembaka ing tlatah Jawa miligine dhaerah Kabupaten Ponorogo sing saiki ora pati digatekake bocah-bocah enom, aja maneh weruh, nggawe utawa nggunakake piwulangan kang ana ing laku ritual warok kasebut. Mula saka kuwi panliten iki kaangkah supaya masyarakat mligine bocah-bocah enom bebarengan ngletarekake warisan budaya kang arupa crita. Panliten iki ngenani “*Laku Ritual Warok Sajrone Paguyuban Seni Reyog Kartika Puri Ing Kabupaten Ponorogo*” isih adoh saka kasampurnaan mula panliten ngarepake anane panliten sabanjure.

KAPUSTAKAN

- Ahmadi, Abu. 1997. *Ilmu Sosial Dasar*. Jakarta :PT. Rineka Cipta
- Arikunto, Suharsimi. 2002. *Prosedur Penelitian Suatu Praktik*. Jakarta : PT. Rineka Cipta
- Danandjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti Djambanan
- Dinas Pariwisata dan Seni Budaya Kabupaten Ponorogo. 2003. *Asal Usul Seni Reyog Ponorogo*, Sinopsis.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Metode, Teori, Teknik Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Pustaka Jaya
- 2008. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Medpress.
- Herusatoto, Budiono. 1984. *Simbolisme Dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta : Hanindita Graha Widia
- 2008. *Simbolisme Jawa*. Yogyakarta : Ombak.
- Hutomo, Suripan Sadi, dkk. 1991. *Mutiara Yang Terlupakan: Pengantar Studi Sastra Lisan*. Hiski: Komisariat Jawa Timur.
- Kaelan. 2009. *Filsafat Bahasa Semiotika dan Hermeneutika*. Yogyakarta: Gramedia
- Kusnawati, Muntik. 2004. “Fungsi Dan Makna Tari Jathilan Baku Di Paguyuban Seni Reyog Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka
- 1977. *Metode-metode Penelitian Masyarakat*. Jakarta: PT Gramedia
- 2000. *Kebudayaan Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia
- 2002. *Manusia dan Kebudayaan di Indonesia*. Penerbit: Djambatan
- Mangunsuwito. 2002. *Kamus Lengkap Bahasa Jawa*. Bandung: YRAMA WIDYA
- Maryaeni. 2005. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Jakarta: Bumi Aksara
- Moertowardojo. 2010. *Bawa Raos Ing Salabeting Raos*. Jakarta: Paguyuban Ngesti Tunggal.
- Moleong, Lexi. 1986. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya
- Pradopo, Rachmat Djoko. 2010. *Beberapa Teori Sastra, Metode Kritik dan Penerapannya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Purwowitzojo. 1985. *Crita Rakyat Reyog Ponorogo*. Ponorogo: Kepala Kantor Pembinaan Pendidikan Masyarakat Kabupaten Ponorogo.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Budaya*. Surabaya: Unesa Unipres-Citra Wacana
- Sudirman. 2003. *Budaya Ponorogo Reyog Warok lan Gemblak*. Ponorogo: Pusaka Jaya
- Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra. Pengantar Teori Sastra*. Jakarta : Girimukti Pusaka